

KONNEN DWA OU YO

Dwa Veteran

Pwoteje Yo

OFCCP Pwoteje Veteran yo Kont Diskriminasyon

Biwo a nan Pwogram Konfòmîte Kontra Federal yo / Office of Federal Contract Compliance Programs (OFCCP) ranfòse dispozisyon aksyon afimatif yo nan Lwa 1974 a sou Asistans Reyajisteman pou Veteran Epòch Vyètnam yo. Lwa sa a, pafwa yo rele li VEVRAA, egzije anplwayè yo fè biznis avèk Gouvènman Federal la pou fè demach pou rekrite, anboche ak pwomote veteran pwoteje yo. Epitou sa fè li ilegal pou konpayi sa yo fè diskriminasyon kont veteran pwoteje yo lè y ap pran desizyon sou anbochaj, revokasyon, salè, avantaj, asiyasyon travay, pwomosyon, dechaj, fòmasyon, ak lòt aktivite yo ki gen rapò avèk aktivite anplwaman.

1. Kisa ki diskriminasyon anplwaman ki baze sou sou sitiyasyon yon moun kòm yon veteran pwoteje?

Diskriminasyon anplwaman baze sou sitiyasyon ou kòm yon veteran pwoteje nòmalman rive lè yon anplwayè trete ou, kòm anplwaye oswa aplikan pou travay, nan yon fason ki pa favorab poutèt ou tonbe nan youn nan kategori pou veteran pwoteje yo dapre VEVRAA.

2. Kimoun ki yon "veteran pwoteje" dapre VEVRAA?

Ou se yon "veteran pwoteje" dapre VEVRAA si ou se yon manm nan kategori nan veteran yo te dekri anba a:

• Veteran Enfim

Yon veteran ki te nan sèvis aktif nan Fòs Lame Etazini a yo dwe bay konpansasyon enfimite (oswa apatide ou te resevwa resi ou nan peman retrèt militè yo ta dwe bay ou konpansasyon enfimite) dapre lwa yo Sekretè a sou Zafè Veteran yo te administre, oswa te dechaje oswa lage nan sèvis aktif poutèt yon enfimite ki gen rapò avèk sèvis.

• Lòt Veteran Pwoteje

Yon veteran ki te sèvis aktif nan Fòs Lame Etazini a pandan yon lage, oswa nan yon kanpay oswa ekspedisyon pou ki yo te otorize yon badj kanpay dapre lwa yo Depatman nan Defans la te administre.

• Veteran ki Fèk Soti Nan Sèvis Militè

Yon veteran ki te kote sèvis militè pandan peryòd twazan an k ap kòmanse nan dat yo te dechaje oswa lage veteran an nan sèvis aktif nan Fòs Lame Etazini a.

• Veteran nan Sèvis Fòs Lame

yo te Bay Meday

Yon veteran ki, pandan l ap sèvi nan sèvis aktif nan Fòs Lame Etazini a, te patisipe nan yon operasyon militè Etazini a ki te resevwa yon meday sèvis Fòs Lame.

Pou kèk kontra ak sou-kontra federal yo te antre nan fòs anvan desanm 2003, kategori yo pou veteran pwoteje yo dapre VEVRAA yon ti jan diferan. Si ou gen kesyon sou si wi ou pa sèvis militè ou kalifye ou kòm yon veteran pwoteje, ou te dwa kontakte OFCCP atravè nenpòt enfòmasyon kontak yo te bay anba a.

3. Ki moun OFCCP pwoteje?

OFCCP pwoteje dwa anplwaye ak aplikan yo pou travay nan konpayi yo k ap fè biznis avèk gouvènman federal la. Sa gen ladan anplwaye yo nan bank, konpayi enfòmasyon teknoloji, izin anbalaj vyann, magazen an detay, izin fabrikasyon, konpayi kontablite, ak konpayi konstwiksyon, pami lòt yo.

4. Ki dwa mwen gen kòm yon veteran pwoteje?

Kòm yon veteran pwoteje, ou gen dwa travay nan yon anviwònman ki san diskriminasyon. Yo pa kapab anmède ou, transfere ou, peye ou mwens, refize ou travay, oswa trete ou nan yon fason ki mwens favorab poutèt sitiyasyon veteran ou.

Si ou se yon anplwaye ak yon veteran enfim, ou kapab mande pou yon "akomodasyon rezonab." Yon akomodasyon rezonab se yon bagay ki pèmèt ou fè travay ou, ak se anplwaye ou ki dwe bay ou



akomodasyon rezonab amwenske aksyon sa a t ap lakòz anpil difikilte oswa depans serye pou anplwayè a.

Menn jan an tou, si ou se yon veteran enfim, ou dwe bay akomodasyon rezonab yo pandan pwosesis aplikasyon an pou pèmèt ou aplike ak pou yo konsidere ou pou travay la. Ankò, yo dwe bay ou akomodasyon rezonab yo amwenske li t ap twò difisil oswa twò chè pou yo fè sa a.

5. Kisa ki "akomodasyon rezonab"?

Yon « akomodasyon rezonab » se yon modifikasyon oswa chanjman y ap fè yon travay k ap pèmèt veteran enfim la pou reysi nan aplike pou travay la, fè travay yo, oswa patisipe nan avantaj ak privilèj anplwaman yo. Yon akomodasyon rezonab pa chanje fonksyon travay esansyèl yo. Epitou yon anplwayè dwe fè yon akomodasyon rezonab ki ta pèmèt yon veteran enfim k ap chèche yon travay kapasite a pou fè travay la.

Se anplwayè ou ki kapab chawzi kalite akomodasyon rezonab la ke li pral fè disponib; sepandan, akomodasyon an dwe efikas. Pa egzanp, anplwayè a kapab chwazi pou mete yon rannolyede yon asansè pou rezoud pwoblèm aksè yo.

Yo gen plis enfòmasyon sou kijan pou mande pou yon akomodasyon rezonab epi li disponib nan sitwèb <https://www.dol.gov/ofccp/posters/ReasonableAccommodationPocketCard/index.htm>.

6. Kisa ki kèk egzanp yo nan "akomodasyon rezonab" yo kapab bay pandan pwosesis anbochaj la ak pi ta pou ede nan fè travay la?

Gen plizyè fòm nan akomodasyon rezonab yo. Nou gen yon lis nan akomodasyon komen yo anba a.

- Bay materyèl alekri nan fòma aksesib yo, tankou gwo lèt, Bray, oswa nan kasèt odyo.
- Chanje oswa modifye orè travay yo.
- Bay linèt mayifye oswa entèprt lang siy yo.
- Fè rekritman, entèvyou, tès, ak lòt pati yo nan pwosesis aplikasyon an pou jwenn anplasman kote yo.
- Kenbe reyinyon manm pèsonèl yo nan kote aksesib yo.
- Bay oswa modifye ekipman ak aparèy yo.

- Chanje oswa modifye direktiv ak pwosedi yo.
- Chanje anviwònman travay la nan fason yo ki kapab amelyore aksè.

Jwenn Opòtinite pou Anplwaman

7. Nan ki kote mwen kapab jwenn sèvis yo k ap ede mwen jwenn anplwaman?

Sous yo ki disponib pou ede veteran yo jwenn anplwaman oswa lòt sèvis yo gen ladan:

1. Biwo sèvis anplwaman lokal yo oswa Sant Travay Ameriken (American Job Centers), ki ofri sèvis bay veteran yo ki gen ladan planifikasyon karyè, resous pou chèche travay, fòmasyon, ak rekòmandasyon bay anplwayè yo k ap fè rekritman. Ou kapab jwenn biwo sèvis anplwaman lokal la oswa Sant Travay Ameriken an ki pi prè ou nan sitwèb <http://www.careeronestop.org/localhelp/local-help.aspx>. Se Depatman Travay la ki patwone sitwèb sa a.
2. Anyè Resous Nasyonal / National Resource Directory (NRD) la se yon sitwèb pou konekte veteran ak fanmi yo avèk plizyè òganizasyon ki gen pwogram asistans espesyalman pou veteran yo. NRD bay aksè nan opòtinite anplwaman, enfòmasyon sou avantaj, opòtinite yo pou edikasyon ak fòmasyon. Depatman Travay la, nan yon patenarya avèk Depatman Defans la, Depatman an pou Zafè Veteran, ak Sèvis Fòs Lame yo, patwone sitwèb sa a. Yo kapab jwenn NRD la nan sitwèb <https://www.nationalresourcedirectory.gov/>.

8. Èske VEVRAA egzije kontraktè federal yo pou pran aksyon espesifik pou rekrète veteran pwoteje yo?

Kontraktè federal yo dwe pibliye travay disponib yo avèk biwo sèvis anplwaman lokal la oswa Sant Travay Ameriken an konsa veteran pwoteje yo kapab jwenn rekòmandasyon priyorite yo pou travay disponib yo. Tout eta yo gen anyè sou travay kote anplwayè yo kapab afiche travay disponib yo ak moun yo k ap chèche travay kapab chèche anplwaman. Pou jwenn anyè a sou travay ale nan sitwèb <http://careeronestop.org/>. Anplis, yo ankouraje anplwayè yo pou travay avèk gwoup veteran lokal yo pou rekrète veteran kalifyab yo.

9. Èske veteran pwoteje yo jwenn preferans pandan pwosesis anbochaj la?

Nòmalman Gouvènman Federal la bay veteran enfim yo preferans, ak veteran yo ki te nan sèvis aktif nan Fòs Lame yo pandan sèten peryòd yo oswa nan kanpay militè yo, lè y ap anboche pou travay gouvènman yo. Anplwayè prive yo, ki gen ladan moun yo k ap fè biznis avèk Gouvènman Federal la,

pa bezwen bay yon preferans pou anboche veteran yo.

Lwa yo sou preferans veteran pa garanti veteran yo jwenn yon travay ak yo pa bay veteran yo preferans nan aksyon ajans entèn yo tankou pwomosyon, transfè, re-asiyasyon, oswa re-anbochaj.

10. Èske anplwayè mwen kapab redwi salè mwen oswa peye mwen mwens pase lòt anplwaye yo k ap fè menm travay la poutèt mwen ap resevwa yon pansyon militè?

Non, yon anplwayè pa kapab redwi salè ou oswa peye ou mwens poutèt ou ap resevwa yon pansyon militè.

Lè Yo Pote yon Plent

11. Kisa mwen dwe fè si mwen kwè anplwayè mwen te fè diskriminasyon kont mwen poutèt sitiayson mwen kòm yon veteran pwoteje?

Ou kapab pote yon plent devan OFCCP. Ou pa bezwen konnen avèk sètitid ke anplwayè ou se yon kontraktè oswa sou-kontraktè federal nan lòd pou pote yon plent.

12. Kijan mwen pote yon plent devan OFCCP?

Ou kapab pote yon plent diskriminasyon lè ou:

- Ranpli ak soumet yon fòmilè nan entènèt lan atravè sitwèb OFCCP a; oswa
- Ranpli yon fòmilè anpèsonn nan biwo OFCCP a; oswa
- Lè ou ranpli ak voye yon fòmilè konplè pa lapòs, nan imèl, oswa nan faks bay biwo reyjonal OFCCP a kote diskriminasyon swadizan an te rive.

Fòmilè a disponib nan entènèt nan sitwèb <https://www.dol.gov/ofccp/reg/compliance/pdf/pdfstart.htm> ak nan fòma papye nan tout biwo OFCCP yo. Pou jwenn biwo a ki pi prè ou, ale nan anyè nan entènèt lan pou biwo OFCCP yo: www.dol.gov/ofccp/contacts/ofnation2.htm.

Sonje byen pou siyen fòmilè plent konplè ou. Si ou echwe pou fè sa, OFCCP pral toujou trete plent ou men yon anketè OFCCP pral mande ou pou siyen fòmilè a pandan yon entèvyou swivi. Yo dwe pote plent yo k ap deklare diskriminasyon baze sou sitiayson veteran pwoteje nan lespas 300 jou yo depi dat diskriminasyon swadizan an, amwenske yo pwolonje peryòd la pou pote plent la poutèt rezon valab.

Epitou ou kapab pote yon plent devan Sèvis Anplwaman ak Fòmasyon Veteran yo (Veterans' Employment and Training Service) nan Depatman Travay la oswa yon Reprezantan Anplwaman Veteran Lokal yo nan biwo sèvis anplwaman lokal la oswa Sant Travay Ameriken an. Yo pral transfere plent sa yo bay OFCCP.

13. Èske anplwayè mwen kapab revoke, refize ogmantasyon, oswa trete mwen nan yon fason mwens favorab poutèt mwen te pote yon plent?

Non. Se ilegal pou anplwayè ou pran vanjans kont ou poutèt ou te pote yon plent oswa ap patisipe nan yon ankèt. Règleman OFCCP yo pwoteje ou kont asèlman, entimidasyon, menas, presyon oswa vanjans pou lè ou afime dwa ou yo.

14. Kisa ki pral rive si yo rezoud ke mwen te yon viktim nan diskriminasyon anplwaman?

Ou kapab gen dwa jwenn yon solisyon ki mete ou nan yon pozisyon kote yo ta gen bay ou si diskriminasyon an pa t janm rive. Yo kapab gen dwa anboche, pwomote, re-anboche, oswa re-asiyen ou. Epitou, ou kapab gen dwa resevwa peman an aryè, peman alavans, yon ogmantasyon nan salè oswa kèk konbinezon nan tout solisyon sa yo. Anplis, si OFCCP jwenn ke kontraktè oswa sou-kontraktè a te fè diskriminasyon kont ou, OFCCP kapab fè demach pou eskli oswa entèdi oswa retire konpayi nan konsiderasyon pou jwenn kontra federal yo nan pidevan an oswa anile kontra aktyèl oswa modifikasyon kontra konpayi a.

Pou jwenn plis enfòmasyon:
THE U.S. DEPARTMENT OF LABOR
Office of Federal Contract Compliance Programs
200 Constitution Avenue, NW
Washington, D.C. 20210
1-800-397-6251
TTY: 1-877-889-5627
www.dol.gov/ofccp

Tanpri sonje ke fèy enfòmasyon sa a bay enfòmasyon jeneral. Yo pa t kreye li pou ranplase lwa ak règleman aktyèl yo konsènan pwogram sa a.